



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**AK VYOLANS AK KRIM KI BESE NAN NOUYÒK, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE  
REKONESANS NASYONAL REZO SANT ANALIZ KONT KRIM INIK ETA A**

*Fiziyad bese nan 26 pousan jiska mwa oktòb ak krim andeyò Vil Nouyòk bese nan  
11 pousan jiska jen*

*Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta a, ki finanse ak sipòte  
11 sant an patenarya ak ajans fòs lòd lokal yo,  
Resevwa youn nan sis prim ekselans federal nan domèn jistis kriminèl*

*Anplwaye Rezo Sant Analiz kont Krim te jere 95,000 demann pou sèvis an 2023,  
bay analiz done kritik, enfòmasyon ak sipò ankèt pou ede ajans fòs lòd lokal yo  
dekouraje, envestige ak rezoud krim yo*

Pandan vyolans ak krim kontinye ap bese atravè Eta Nouyòk, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke yo te rekonèt rezo Sant Analiz kont Krim inik Eta a ak yon Prim Ekselans nan Domèn Jistis Kriminèl, youn pa sis ke Biwo Asistans Jistis Depatman Jistis Ameriken an te prezante dènyèman pou make 40è anivèsè lwa federal ki te kreye biwo a. Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la finanse ak sipòte 11 Sant Analiz kont Krim nan tout eta a an patenarya ak ajans fòs lòd lokal yo. Anplwaye nan Sant sa yo te jere 95,000 demann pou sèvis an 2023, bay analiz done kritik, enfòmasyon ak sipò ankèt pou ede ajans fòs lòd lokal yo dekouraje, envestige ak rezoud krim yo Gouvènè a te mete aksan tou sou fiziyad nan kominote k ap patisipe nan inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) Eta te bese nan 26 pousan jiska oktòb epi krim an jeneral te bese nan 11 pousan jiska premye sis mwa ane a andeyò Vil Nouyòk – sa ki montre efikasite travay Sant Analiz kont Krim lan ak sipò ajans fòs lòd lokal yo ak anpil lòt efò kontinyèl pou goumen kont krim. Jirisdiksyon GIVE yo reprezante apeprè 90 pousan krim vyolan ki enplike zam afe ak 85 pousan krim vyolan ke yo rapòte andeyò Vil Nouyòk.

"Fè tout sa mwen kapab pou asire ke tout Nouyòkè ak fanmi yo santi yo an sekirite se youn nan pi gwo priyorite mwen depi premye jou a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen felisite Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk la ak tout ajans fòs lòd yo ki sipòte Nouyòk paske yo ede Nouyòk atenn objektif sa a, epi solidifye Nouyòk davantaj kòm yon lidè nasyonal nan sekirite piblik la."

**Komisè DCJS la, Rossana Rosado, te deklare,** "Devlopman ak kwasans Rezo Sant Analiz kont Krim nou an pa t ap posib san nivo sipò, kolaborasyon, ak patenarya san parèy nou te resevwa nan men ajans lokal, eta ak federal yo ak angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou asire nou gen finansman ki nesès pou sipòte operasyon li yo. Pandan ke DCJS te resevwa rekonesans sa a, nou pataje li ak patnè sa yo ak analis krim yo ak pèsònèl fòs lòd yo ki travay, jou apre jou, ede lapolis ak pwokirè yo rezoud, detekte, ak anpeche krim epi fè eta nou an vin pi an sekirite pou tout Nouyòk yo."

Direktè Biwo Asistans Jistis la, Karhlton Moore, te prezante prim yo pandan yon seremoni nan fen semèn pase a nan Washington, D.C. DCJS te youn nan benefisyè Prim Rediksyon Krim Vyolan, ki rekonèt yon moun oswa yon ekip "pou kontribisyon enpòtan yo nan devlopman ak aplikasyon yon apwòch siksè pou diminye krim vyolan nan yon jiridiksyon espesifik oswa nan tout peyi a." De lòt peim – Kreye Konjwen Kominote ki pi Sekirite ak Refòm Sistèm Jistis Kriminèl Nasyon Nou an – yo te prezante yo bay de loreya nan chak kategori. Komisè Adjwen DCJS la, Mark Heller, ki sipèvize Biwo Analiz kont Krim lan ak Patenarya Estratejik, te aksepte prim lan nan non ajans lan.

- [Ensidan fiziyad ki gen blese te bese 26 pousan \(525 kont 705\) jiska oktòb 2024](#) konpare ak menm peryòd 10mwa ane pase, jan 28 depatman lapolis andeyò Vil Nouyòk te rapòte ki patisipe nan inisyativ pou Elimine Vyolans ak Zam. Depatman Lapolis Vil Nouyòk rapòte tou yon diminisyon 6 pousan (817 kont 865) nan ensidan fiziyad jiska 17 novanm 2024.
- Done preliminè depatman lapolis ak biwo cherif yo rapòte bay eta nan 57 konte andeyò Vil Nouyòk yo montre yon diminisyon 11 pousan nan krim endèks pandan sis premye mwa 2024 yo, done ki pi resan ki disponib, lè yo konpare ak menm peryòd la an 2023. Gen sèt kategori endis krim yo itilize pou evalye tandans krim jeneral yo: kat vyolan (asasina, vyòl, vòl, agresyon grav) ak twa krim pwopriyete (kanbriyolaj, vòl ak efraksyon, ak vòl veyikil amotè). Pi gwo diminisyon yo te rapòte nan vòl veyikil amotè yo (-32 pousan), kote vyòl vini apre (-16 pousan), ak (-12 pousan) pa rapò ak peryòd senk mwa 1ye janvyè, jiska 30 me 2024, pa rapò ak peryòd sis mwa ane pase a. NYPD te rapòte tou yon diminisyon 2 pousan nan plent pou krim jiska 17 novanm 2024.

Apre 210 analiz krim, investigatè ak lòt pèsònèl fòs lòd yo, swa DCJS finanse oswa ajans patnè lokal yo, eta ak federal yo asiyen, anplwaye 11 Sant yo, ki sitiye nan konte Albany, Broome, Erie, Franklin, Monroe, Oneida, Onondaga, Orange, ak konte Suffolk, ak Manhattan. Plis pase 350 ajans fòs lòd nan 57 konte pèmèt sant yo jwenn aksè ak sistèm jesyon dosye, ki enkli arestasyon, krim rapòte, rapò aksidan, kontravansyon woutyè ak lòt apèl pou sèvis; rapò ensidan domestik; dosye liberasyon sou kondisyon ak pwobasyon; ak sistèm kamera siveyans piblik, pou site sa yo pami lòt done ak sous enfòmasyon yo.

Anplwaye nan 11 sant yo analize ak konpile done ak enfòmasyon an repons ak demann pou sèvis yo, bay ofisye sipò ankèt an tan reyèl pandan y ap reponn ak krim yo rapòte; analiz tandans krim k ap emèje yo, modèl krim yo, ak apèl pou sèvis ki enfòmasyon ofisye ak deplwaman resous; ak brefin detaye ki bay investigatè yo enfòmasyon sou ka espesifik y ap jere yo. Travay yo te pèmèt ajans fòs lòd yo rezoud omisid, vòl machin, rezo kriminèl nan biznis an detay, epi retire zam ilegal nan kominote yo atravè Eta a.

Atravè yon patenarya inik ant Biwo sou Alkòl, Tabak, Zam Afe ak Eksplozif (Bureau of Alcohol, Tobacco, Firearms and Explosives, ATF), sant yo gen teknoloji sou plas pou pèmèt lapolis ak investigatè cherif yo trete douy yo epi idantifye korespondans potansyèl atravè diferan ensidan. Anjeneral, rezilta yo soti nan men Rezo Nasyonal Enfòmasyon Balistik Integrated (National Integrated Ballistic Information Network, NIBIN) ATF a nan 24 a 48 èdtan epi yo gen yon evalyasyon presizyon 99.6. Analis Sant yo konpile rezilta sa yo epi yo bay lapolis rezilta sa yo pou plis investigasyon. 11 sant ki nan rezo a pataje done ak enfòmasyon tou ak Sant Entelijans Eta Nouyòk la, kw Lapolis Eta Nouyòk opere; Sant Devlopman Plon Konte Nassau ki dirije pa otorite lokal yo.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la**

[Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la](#) bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis kriminèl eta a, ki gen ladan, men pa sa sèlman: fòm fòs lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis kriminèl yo; sipèvize yon pwogram akreditasyon fòs lòd; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès yo ke fòs lòd lokal yo ap itilize fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis kriminèl la; bay sipò pou ajans polis ki jere ka moun ki disparèt yo, analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvize depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram prizon yo; ak kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#), [Instagram](#), [LinkedIn](#) ak [X/Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)